ИлъэсыщIэмкIэ дынывохъуэхъу! 2011

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЬЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОК!

№250 (21.908) ●2010 гъэм дыгъэгъаззэм (декабрым) и 31, мэрем ●Тхьэмахуэм тхуэ къыдок! ●И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Медведев Дмитрий КъБР-м и IэтащхьэМ «Хэкум и пащхьэ щIIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр къритащ

Хабзэ зэрыхъуам тету, дыгъуасэ Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий Илъэсыщ1ым и 1э кIыхьэу къзрал наградэхэр ныхуагъэфIащэм зригъэжащ. Орденхэр, медалхэр, щIэ льапIэхэр зэрыфIащамкIэ дамыгъэхэр иратащ урысей цIыху пэхъ щIэрыIуэ 40-м щIигъум. Абыхъм ихэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэри.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ къэнэху Илъэсыщ1эмкIэ ехъуэхъури, Медведев Дмитрий кыхинэщхьэхуКIаш льэпкъэм яку дэлъ мамырыгъэр гъэбыдэн, жылагъуэр нэхъри пэхъ бадзуэ зэкъуэгъэувэн зэрыхуэсIр: «Ди къэралыным ихъ-ижьыж льэпдэрэ льэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр, дин зэхуэмыдэхэр зезыхьэхэр, щэнхабзэ, хабзэ зэмыщхьхэр къыщызэдогъэгурыкIуэ. ИкIи дэ ди къалэнщ ди щIыналъэм мамырыгъэмрэ зэпIэзэрыгъэныгъэмрэ щытхъуэ мэну. ЗэщIыгъуэу зэдэпсэуныкIэ ди дей хабзэ тэмэмхэр щызэтеуващ. Нобэ дэ дыдрицIыхущ. Абы къыхэкIыу ди гуапэщ дыкъыщыпхъуа икIи дыщыпсэу Хэкум - Урысейм - худиIэ фIэщхъуныгъэр 2011 илъэс къэунэхуми нэхъ быдэ хъуну, ди щIыналъэм мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ щызэтеувэну икIи дяпэкIэ апхуэдэу екIуэкIыну, зэхэкъутэныгъэ хэмрэ мыхьумыщIагъэмрэ я пIэкIэ лэжьыгъэ тэмэмыр щызэтеувэну, Кавказ Ищхъэрэм ущыпсэуныр зэIуэпэщ икIи шынагъуэншэ хъуну. Нэхъыщхьэ, дыдэр арщи, си гуапэщ ди сабийхэр ныбжьыгъуэр, льагъуныгъэр, зэгурыIуэныгъэр зыхащIэу къэтэджыну икIи абыхъм я гур къэкIуэнум хуэзIухауэ щытыну.

Сынывохъуэхъу фи унэхэм зэIуэпэщ1ыныгъэрэ берытэрэ ильыну, ди унагъуэхэм нсэр гупсэхуу, насыпыфIэу, узыншагъэ яIэу щытыну.

Ди щIыналъэм нс псоми я Илъэсыщ1эр нэхуу, екIуу, берычэту щрет!

КъанокIуэ Арсен: Къэралым щIэн хуейр зы президентщ

Вэсэмахуэ Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий Iэ щIидзащ УФ-м и субъектхэм я Iэтащхьэхэм президент щIэр зэрахьэну хуит зымыщI законым. Абы ипкъ иткIэ, щIыналъэхэм я конституцэхэм е уставхэм зыхуэфащэ зэхъуэкIыныгъэхэр 2015 гъэм щIышылэм и 1-м нэсыху халъхьэн хуейщ.



ЗАК ОНОДАТЕЛЬСТВЭМ апхуэдэу зэрызэихъуэжьым, тхуэхуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен жиIащ: «Щэч льэпкъ хэлькъым къэралым зы президент фIэкI щыIэн зэрыхуэмейм, федерацэм и субъектхэм я Iэтащхьэхэм зэреджэр хэхауэ зыгуэрым зэрытеубыдапхъэм, арыншамэ властым и системэр нэгъэсауэ зэтемыухуауэ къыпщоХу. Сэ сыкъапщтэмэ, кризисым кIыкIыным елэжь менеджеру зыкъыщыхьужу араща».

Псоми зэрытщIэщи, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен 2010 гъэм и щыщхьэIу маазэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым зыхуигъэзауэ щытащ «Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым законхэр къыдэзыгъэкI (лыкIуэ), гъэззщIакIуэ и органхэм я къызэгъэпэщыкIэмкIэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я IэухуэкI» Федеральнэ закон № 184-ФЗ-м Урысей Федерацэм и субъектым и кIуэлыкъущI нэхъыщIхьэм, атхуэзэу Урысей Федерацэм и субъектым и къэрал властым законхэр къыщIэзыгъэкI (лыкIуэ), гъэззщIакIуэ и органым зэреджэхэм къэрал властым и федеральнэ органхэм я фIэщыгъэщIэхэм техуэхэр къыщагъэсэбэпыну хуит мыщIымыкIэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэзылъхьэ федеральнэ законым и проект игъэхьэзыру Къэрал Думэм къыщыхилъхьэну.

ТОЛАСОВЭ Екатеринэ.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Хлопонин Александр:

Дэтхэнэ зыми и насып

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Ди окружым нс псоми 2011 ИлъэсыщIэмкIэ си гуапэу сокъуэхъу!

А махуэшхуэ нэхум, гуапэм дэ тщыщ дэтхэнэми игу кIегъэкIыж сабиигъэр, гуфIэгъуэр, нэщхьыфIагъэр. ИльэсыщIэ махуэщхуэм дэтхэнэри и унэ екIуэлIэжьыну, и унагъуэм яхьыхьжьыну, езым фIыуэ ильагъу и Iыхьлыхэм яхэсыну хущIокIуэ. Абы къыхэкIыу мыхьэнэщхуэ иIэщ ди унэр хуабэу икIи зэIухауэ, сабийхэм я дыхьэшх макъыр щыIуу щытыным, щIыхуэр зэгурыIуэным. АбыкIэ си сахуэхъуахъуэ Кавказ Ищхъэрэм - Урысейм и щIыпIэу зэхэщIагъэ зэрылъым, щIыхуэзэчиифIэкIэр щыпсэум, щIынагъэ щIэращIэм - нс псоми.

Дэ псори зы къэралым ихуэныкъуэхэр. Апхуэдэ медицинэ Iуэхуэщ1апIэу, иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщауэ Кавказ Ищхъэрэм щыIэр а зыращ.

Ди федеральнэ округым, мы гъэм и гъэмахуэм щекIуэкIат ди партым и конференц. «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Тхьэмадэ Путин Владимир щыIэу а зэIуэщIэм къыщащтащ Кавказ Ищхъэрэм 2020 гъэ пщIондэ зэрызиужьынур зыубыху программэ щхьэхуэ. Ар партым кыхилъхьэри, къэрал программэ хуежащ. Комиссэ къызэрагъэпэщауэ, ар гъэззщIэныжкIэ лъжьыгъэшхуэ иорегъэкIуэкI.

Ди къэралыр хуэмурэ къызыхэкIыж дунейпсо финанс кризисым и Iэужьхэр гъэзэкIуэжыныр зи пщэ дэзыпхъэжьафар ди партым и закъуэщ. Абы папщIэ проект 27-рэ «Урысей зэкъуэтым» игъэхъэзырац, экономикэм зегъэужьыным, узыншагъэр хъумэным, спортым, сабий садхэр ирикъуу къызэгъэпэщыным, цIыхум и псэукIэр егъэфIэкIуэным, нэгъуэщI куэдым хуэунэтIауэ. А проектхэм я фIыгъэкIэ «Налшык» спорткомплексыр, Псыгуэнсу, Кьулькъужьын къуажэхэми апхуэдэ Iуэхуэщ1апIэхэр щыдухуащ. Мы гъэм мэлыжьыхьым и 1-м республикэ сымаджэщым къыщызэIутхащ гемодеализым и кIудамэр, жьэжьейр къызэуз сабийхэм я лъыр щагъэкъабзэн зэрыщымыIэм егъэлеяуэ гугъу иригъэхьырт абы хуэныкъуэхэр. Апхуэдэ медицинэ Iуэхуэщ1апIэу, иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщауэ Кавказ Ищхъэрэм щыIэр а зыращ. Ди федеральнэ округым, мы гъэм и гъэмахуэм щекIуэкIат ди партым и конференц. «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Тхьэмадэ Путин Владимир щыIэу а зэIуэщIэм къыщащтащ Кавказ Ищхъэрэм 2020 гъэ пщIондэ зэрызиужьынур зыубыху программэ щхьэхуэ. Ар партым кыхилъхьэри, къэрал программэ хуежащ. Комиссэ къызэрагъэпэщауэ, ар гъэззщIэныжкIэ лъжьыгъэшхуэ иорегъэкIуэкI.

- Уэ къэпльытэрэ фи партым и лъжьыгъэр ди республикэм дагъэхьищу щыIэтеуваУ?

- «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр сыт и пIэныкIуэкIи лъжьыгъэм хуэхьэзыр хуэщ. Абы ди республикэм щиIэщ щIыпIэ организацэу 13, пщIэдзэ къудамэу 355-рэ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, партым и лIыкIуэхэр дэтхэнэ районми жылагъуэми щолажьэ. Ди къудамэм нобэкIэ хэтщ щIыху мин 45-м щIигъу. Партым хэмытми, ди тельхьэщ, Iуэхуэр къыддаIыгъ иджыри щIыху мин 40 хуэдизым. Ар къаруушхуэщ. ИкIи къалэн нэхъыщхьэу зыхуэдгъэувыжыр КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Парламентым Зэрызыхигъэзам къыщигъэув Iуэхугъуэхэр гъэзэщIэнрац.

Партыр щIыхуэм ядолэжьэн хуейщ. Арац «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и УнафэщI Путин Владимир и жылагъуэ хэщIапIэр Налшык къыщызэIутхауэ щIэзэлажьэр. 2010 гъэм абы къэкIуэлIащ щIыху 1040-рэ, абы щыщу тхыгъэкIэ щыщIу 256-м зыкъыхуагъэзат.

ЛъэIу 1040-м щыщу жылагъуэ хэщIапIэм игъэзэщIащ процент 42,3-р, процент 53,6-м адэкIэ я Iуэхур зэрыгъэкIын папщIэ ящIэн хуеймкIэ чэнджэщ еттащ, иджыри проценти 4,1-р зэрызэфIахым ди нэIэ тедгъэтщ. Нэхъыбэу хэщIапIэм къекIуалIэр пенсионерхэмрэ лэжьапIэнщэхэмрэщ.

Къищынэмыщ1ауэ, щIыхуэм нэхъ зыубгъуауэ дадэлэжьэн папщIэ, республикэм и жылагъуэ псоми къыщызIутхащ парт къудамэм и хэщIапIэхэр, аплъэныкъуэкIи лэжьыгъэм хуэхьэзыр хуэщ. Абы ди республикэм щиIэщ щIыпIэ организацэу 13, пщIэдзэ къудамэу 355-рэ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, партым и лIыкIуэхэр дэтхэнэ районми жылагъуэми щолажьэ. Ди къудамэм нобэкIэ хэтщ щIыху мин 45-м щIигъу. Партым хэмытми, ди тельхьэщ, Iуэхуэр къыддаIыгъ иджыри щIыху мин 40 хуэдизым. Ар къаруушхуэщ. ИкIи къалэн нэхъыщхьэу зыхуэдгъэувыжыр КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Парламентым Зэрызыхигъэзам къыщигъэув Iуэхугъуэхэр гъэзэщIэнрац.

Партыр щIыхуэм ядолэжьэн хуеймкIэ и гуапэщ дыкъыщыпхъуа икIи дыщыпсэу Хэкум - Урысейм - худиIэ фIэщхъуныгъэр 2011 илъэс къэунэхуми нэхъ быдэ хъуну, ди щIыналъэм мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ щызэтеувэну икIи дяпэкIэ апхуэдэу екIуэкIыну, зэхэкъутэныгъэ хэмрэ мыхьумыщIагъэмрэ я пIэкIэ лэжьыгъэ тэмэмыр щызэтеувэну, Кавказ Ищхъэрэм ущыпсэуныр зэIуэпэщ икIи шынагъуэншэ хъуну. Нэхъыщхьэ, дыдэр арщи, си гуапэщ ди сабийхэр ныбжьыгъуэр, льагъуныгъэр, зэгурыIуэныгъэр зыхащIэу къэтэджыну икIи абыхъм я гур къэкIуэнум хуэзIухауэ щытыну.

Сынывохъуэхъу фи унэхэм зэIуэпэщ1ыныгъэрэ берытэрэ ильыну, ди унагъуэхэм нсэр гупсэхуу, насыпыфIэу, узыншагъэ яIэу щытыну.

Ди щIыналъэм нс псоми я Илъэсыщ1эр нэхуу, екIуу, берычэту щрет!

Фэтэрыщ1эхэм щIагъэтIысхьэж

Илъэсыщ1эм и пэ къихуэу Прохладнэ къалэм щекIуэкIа гуфIэгъуэ зэхьихьэм фэтэрыщ1эхэм я IункIыбзэхэр щратащ унэ кхъахэхэм къыщIагъэIэпхъукI унагъуэ 20-м. Зэман куэд льапIэрэ къэмыхьауэу, абы папщIэ «Псэупl э-коммунальнэ хозяйствэм и Iэнатl эм реформэ щегъэкIуэкIыным зыщIагъэхъуэныкIэ фондым и IуэухуэкIэ» 2010 гъэм бадзуэгъуэм и 27-м къыдэкIа Федеральнэ закон №185-ФЗ-р гъэззщIэным хиубыдэу къалэм дащIыхьащ псори зэхэту метр зэбгъуэзанатIэ 855-м нэблагъэ къызэрыкI унэ дэгъуэ. Фэтэр къэс щхьэхуэу ягъэплъ, абыхъм къагъэсэбэп газым-рэ псымрэ къызэрапщ Iэмэпсымэхэр щIэтщ.

УНАГЪАЩIЭХЭМ екъуэхъуну а махуэм къалэм къэкIуащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Меркулов Александр, абы и япэ кIуэдзэ Абрэдж Iэдиб, КъБР-м ухуэныгъэмкIэ, архитектурэмкIэ, псэупIэ-комунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Мамий Артур сымэ.

Къыщыпсалъэм Правительствэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ иджыпсту республикэм щагъэзащIэ мы программэм ипкъ иткIэ лэжьыгъэхэр псынщIэу зэрызэфIагъэкIыр, апхуэдэу зэман кIэщIым икIи фIыуэ къыкIэлъыкIуэ унэри яухуэну зэрыщыгугъыр.

Мы Iуэху щхьэпэм папщIэ унагъащIэхэмрэ къалэм и унафэщIхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен фIыщIэ хуащIащ. «Республикэр псынщIэу егъэфIэкIуэным, цIыхухэм яхуэфащэ псэукIэ кхахуэзгъэпэщыным ар зэрегугъум, республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лжьакIуэхэм жыджэру зэрызыкъытщIагъэкъуам и фIыщIкIэ мы нобэрей Iуэху гуфIэгъуэр Илъэсыщ1эм ирихьэлIэу къыдэтхын тхуэзэфIэкIащ», - къыхигъэщхьэхукIащ Прохладнэ къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Пархоменко Юлие.

УЭРЭЗЕЙ Афлик

Махуэ къэс кърепс



Жаным Руслан

Аргуэру зы илъэс
Ноблагъэ и кIэм,
Аргуэру кьыптхуоблагъэ
Зы илъэс.
Илъэсхэр зэхуэгуапэу
ЩыIэблэкIым
И деж гуфIэгъуэ тIуащIэр
Хэти льос.

ГуфIэгъуэр ялъоIэсыр
ЦIыкIуи ини,
ГуфIэгъуэр
Щы хь урейм щыIэдаIэт.
ГуфIэжу кIэрэхьуэну
Илъэс минрэ
Мин куэдкIэ
Щым хьуэхуфбжьэр хуэдгъэIэ т

Дыхьэшхыу кьыхрепль
Сабийр и гущIэм,
КъыпыгуфыкIыу
Нанэ дрырес
Жьэгу мафIэм нуру
Кьигъэнэху жьэгупащхьэм.
Кърепщэ жьыбгъэр,
Уэсри кьырырес.

Псэкl э щыбауэу
Тетыр дунейщ1ум
Фэладжэ хьауэ,
Щы1эм иремыс.
Дыгъэ пIыщIар,
ПыкIами и фэр шэхуу,
И гъуэгу темыкIыу
Махуэ къэс кърепс.

Зэнэзныпс кьабзэу
КъыщIреж псынэпсыр, -
Мыл джанэр псынэм хэт
щитIэгъэфын?!

Уэс джэдыгу хуабэм
ЩIэжеиж жыг къуэпсыр
Ирехьу псэ быдэу
Гъатхэм техьэфын.

И Iитl кьилэжьым
Цыхур щыгъыж у,
И гугъэр даIэу,
Дахэу ирепсэ у,
Iей зи гум ильым
И гурыгъ ижьныр
Хабзэ гъэжа
Щрехьу мы дуней псом!

Медведев Дмитрий КъБР-м и Iэтащхьэм «Хэкум и пащхьэ щIIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр къритащ

Хабзэ зэрыхъуам тету, дыгъуасэ Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий Илъэсыщ1ым и 1э кIыхьэу къзрал наградэхэр ныхуагъэфIащэм зригъэжащ. Орденхэр, медалхэр, щIэ льапIэхэр зэрыфIащамкIэ дамыгъэхэр иратащ урысей цIыху пэхъ щIэрыIуэ 40-м щIигъум. Абыхъм ихэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэри.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ къэнэху Илъэсыщ1эмкIэ ехъуэхъури, Медведев Дмитрий кыхинэщхьэхуКIаш льэпкъэм яку дэлъ мамырыгъэр гъэбыдэн, жылагъуэр нэхъри пэхъ бадзуэ зэкъуэгъэувэн зэрыхуэсIр: «Ди къэралыным ижь-ижьыж льэпдэрэ льэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр, дин зэхуэмыдэхэр зезыхьэхэр, щэнхабзэ, хабзэ зэмыщхьхэр къыщызэдогъэгурыкIуэ. ИкIи дэ ди къалэнщ ди щIыналъэм мамырыгъэмрэ зэпIэзэрыгъэныгъэмрэ щытхъуэмэну. ЗэщIыгъуэу зэдэпсэуныкIэ ди дей хабзэ тэмэмхэр щызэтеуващ. Нобэ дэ дыдрицIыхущ. Абы къыхэкIыу ди гуапэщ дыкъыщыпхъуа икIи дыщыпсэу Хэкум - Урысейм - худиIэ фIэщхъуныгъэр 2011 илъэс къэунэхуми нэхъ быдэ хъуну, ди щIыналъэм мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ щызэтеувэну икIи дяпэкIэ апхуэдэу екIуэкIыну, зэхэкъутэныгъэ хэмрэ мыхьумыщIагъэмрэ я пIэкIэ лэжьыгъэ тэмэмыр щызэтеувэну, Кавказ Ищхъэрэм ущыпсэуныр зэIуэпэщ1 эу зэIуэпэщ1 ы

●Дифі догъэлъапІэ

Узэрыгушхуэ хъун лъэужь

Зэманыр шэ икІауэ макІуэ, жыхуаІэращи, сыту щІэхъыщу блэлъэтэр ильэсхэр. Дыгъуасэ хуэдэтщ и Іэпэльапэр писыкІыу щымахуэ уеІм пхъэ гъэсын щхьэкІэ Мухьэдин жыхуаІуэу щыщытар. Дыгъуасэ хуэдэтэ кІуадэхуэм ежакІуэ щыщыІар. Дыгъуасэ хуэдэтэ къулыкъушхуэ къыщратар... Абы лъандэрэ псы машІи ежэха, дунейм дапшэри зыгъэрадзэкІа, пІаниі а псор, и гъащІэм и кІасІуэ зыкІыкІар, зы мэскъали щымыгъупщауэ, а лІым фІы дыдэу ещІэж.

БЕР Мухьэдин ящыщщ зи сабиигъуэр зауэм и мафІэм илыпщІахэм. Сабиигъуи дахэ-дахэу иІа абы - и щхьэ бадзэ трихужьыф зэрыхъурэ унатуэ Іэхъум зэи кьыдэ-хуакъым. И адэр зауэм дэкІри кьигъэзэжатэкъым. Анэм кьыхуэнат сабиищ - хьыджэбзитІрэ зы щІалэрэ. Щыхъу балигъ зыдэмысыж пщІантІэм нэхъ лэжьыгъэ гуГыуІуэу дэлъыр щІалэ щыкІуРат зи пщэ кьыдэхуэр. Іу щыкІуКІэ пхъэ тІэкІу кьыпщэ ар хуГу е пружж банккІэ яхъужьфамэ, унэм щІэс хэм я Іутпыжт.

Унагъуэ Іуэхур и пщэм кьэс щхьэкІэ, Мухьэдин еджэнщи Іэпэдэгъэпэл пщІакъым. Уеблэмэ я къуаж эм, Вольиэ Аул, дзт школыр нэхъыфІ дыдэу кьэзыухахэм ящыщщ. Балигъыпэ иуеІу гъэУанэщхуэм теуВэн хуей щыхъум, щІалэщІэр куэдрэ егупсысакъым и гъащІэр адэкІэ зытриухуэнуэм. И анэр сымаджэрилэтэ, я жьыпм дэс фельдшерыр щІэх-щІэхыурэ и унэ кьишэн хуей хъурт. «Абы ещхьу се джэнщи, си анэм и узыр щхьэщыгъхьу сыхъунщ», жери, фельдшерхэр щагъэхьэзыр еджанІэм щІэтІысхьащ. Спортми дихьэхырт щІалэщІэр. Уеблэмэ ЛІакъуэрыгъажэ спортымкІэ республикІэм бжьыпэр щитуІащ.

Еджэнныр кьиухыным къэнэжа щымыІэу, еджанІэм и директор Дукельский Юрий Берхэ я щІалэр кьриндэжри кьыжриІащ дипломрэ пІыльыкІэ еджанІэр къэзыухэр СССР-м щыІэ мединститутэм я ящыщу езыхэр зыхуей дыдэхэм щІэтІысхьэну зыгъэпубликэм и унафэщІэхэм. 1970 гъэм и пэщІэдзэхэм ар яГъэуващ республикэм узэшыгъэр хьумэныкІэ и министру. Абы щыщІидзэри, илъэс 26-кІэ а кьалэн иныр дагъуэншэу игъэзэщІащ . Апхуэдизэ илъэскІэ узэшыгъэмкІэ министру щыта нэгъуэщІ зыри Совет Союзым истэкъым. А зэманым кьриубыдэу Мухьэдин Іэуэху щхьэпэ зэфІигъэкІаэм уатепсэльыхьу щІэбдзэмэ, газет нагъэкІуэщІэр пхуримыкъуэкІэ хунщ. Кьалэхэм, районыщхьэрхэм, апхуэдэу нэхъ ящыкъэшхуэхэм дригъэшІыхьащ сымаджэщхэр, поликлиникэхэр, амбулаторэхэр. Сымаджэхэр зыхъэлъэн гъуэлъыпІэу минитхум нэблагъэ фІэкІ Къэбэрдей-Балъкъэрым имыІаІэ, а бжьыгъэ мин 11-м щхьэпригъэкІащ. Мэзкуу, Сыбырым щыІэу дохутыр Іуэхум теухуауэ къулыкъушхуэ зыШутхэуэр щІэтъкъуэн къищІурэ, СССР-м щыІэпэ у, сымаджэщ нэхъ инру диІэу хьуар УЭИ ІэмэпсымэкІэм, льатэ узым зэрепль эндоскопкІэ иуэздащ. Кавказ Ищхъэрэм хиубыдэ щыналъхэхэм зыми ямыІэу, кьыдихьфащ комплексер Москвэ. Нобэр кьыздэсми къэралым еІуэ а зыращ КъБР-м щыІэр.

Мухьэдин и жэрдэмкІэ, дохутыр Іэщагъэм хурагъэджащ щыхъу зиинфІэ Іьэпл. ЖыпІэ хъунущ щыхубэм я узыншагъэр хьумэным и Іуэхур абы льагаПІэщІэ иІэтауэ. Льэкі кьиГъэнакъым щІэхъуэм я узыншагъэм телажьэ дохутырэм, псом ящІэу унафэщІэхэм, я Іэнатіэмкіэ жуаІэпшхуэ зэрахьар щхьэ ящищьи папщІэ.

Пенсэм кІуа нэужьи Берыр Іуэхунщэу щысакьым. ЗэрыщІыкІуэр зи гъащІэр лэжьыгъэкІэ гъэнщІауэ кьезыхьжІа а лІы емыІэщІыжыр пІэщІэ Іуэхуэм медицинэм. ХуэзэфІэкІымкІэ сымаджэщхэм защІигъэкъуащ, щыхуэхэм и сэбэп яригъэкІыу. Мы зэманми, и ныбжьыр ильэс 76-рэ хуэдизэ щІэлъэн жьыдэжщ. Ар хэтщ Президентым деж кьыщІэзэрагъэпэщэ Чэнджэщкіуэ советым. КІэщІу жьыпІэ-ящІэрыпсымкІи и нобэр, и пщэдейр нэхъыфІ хуэныкъуэ.

Дауи, гъащІэ зыпІэзгъуэ нэхъыжьыфІым и гур иримыгъуу кьанэрыкъым. Мэзаным республикэм щадэжь щІэпхьаджагъэхэм, ноБэрей щІалэгъуалэм гъуэгу пэжщ теувэ кьаззрыхьІым:

- Хуабжьу сроугъаз мамыру кьекІуэкІыу щыта ди щІыналъэ тельыджэм кьыщІыхьу гуэзвэгъуэ гуемыІуэхэм. Си щхьэкІэ хуабжьу сегъэзыхьэ ягъэщІэн ильэсищ-дэрэ зэкъэушу, щІакъэ уІыхьэр зэздзэгушу дыкьыздэгъэузгъэкІуэ лъэпкъитІыр зэщагъэлЕину зыгуэркъэ зэрыхуІэкъым. Абы фІым дыдэрыхьиумышэнур хьэжьщ. Аращи, ноБэ лъэпкъым и кьэкІуэнум игъэпІейтей дэтхэнэ зыри зиужь дитын хуейр гъуэгу пэжщ теувэ щІалэгъуалэм дадэлажьэнщыр. Абы акъылуи зэмануи диІэр тедмыгъэкІуадэмэ, пщэдей дызэрыхущІэкъуэнуи щэч хэлъкъым, - жеІэ Берым.

Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и дохутыр» цІэр зезыхьэ, «ЛъэпкъхъэМ я зэныбжьэгъуэ, - ЩІыкъым и дамыгъэ» орденэр зрата Бер Мухьэдин республикэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм куэд зэрыхуІэжьыр кьыгъэлъагъуэ, кьыфІащщ «Налшык кьалэ щІыхь зиІэ и цІыху» цІэ лъапІэр. Хуэдизэ дамыгъэ зыльагъэсауэ лъэпкъым диІэр закъуэлІакъым.

Уэзэхуапсэ хьунщ Мухьэдин и унагъуэрэ. И щхьэгъуэ Мариерэ абыр ебинщ зэдапІащ. Япхъу Марина ирикІуащ адэ-анэм я лъэгъуэм - мы зэманым ар Налшык дэт медицинэ-диагностикэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэщ. Я кьунтІри, Маратрэ Т имыгъэрэ, Іэнатіэ зыриз пэрытщ.

И насыпкъэ апхуэдэ щхьэм - фІы щІэным, бэм я сэбэп зиІэхэр Іуэхум зи гъащІэр щхьэзыхьэхэзыщІу кьэзыгъэгурыкІуэ, нобэ дахэу дунейм теІу зи щхьэр льаг эу зэрыпІэт хуэм льэужь зыщІэ зиІэ нэхъыжьыфІым.

МЫЗ Ахьмэд.

Данэ и вагъуэр

● Щапхъэ

Гъуэзджэхэмкіэ Кавказ Ищхъэрэ кьэрат институтым (Льэпкъ макъамэ Іэмэпсымэкіэ и къуэмэм и 2-нэ курсым щеджэ Кьардэн Данэ студент нэхъыфІ дыдэхэм ящыщщ.

Іущагърэ зэчийкІэ Тхъэр зыхъуэупса Данэ ехъуІэныгъэ куэд щызыІэрилъхьаи республикэ, щІыналъпІэ, урысей, дунейпсо зэпеуэхэм. ГъуэзджэхэмкІэ Кавказ Ищхъэрэ кьэрал институтым и профессор Ахмедагаев Мусабег и унафэм щІэту Данэ зыхуигъэзащІ пшыныжьм и щІэж псомкІи и Іэмэпсымэр екІуу егъэбзэрабзэ.

- Си екъуІэныгъэ хэр си щхьэм и закъуэ есхьэлэрэкъым, - кьыддогушІэ Данэ. - Си егъэджакІуэми, ильэс 25-рэ хуэдизкІэ музыкэ школым щезыгъаджэ, пшынауэ щІэрыІуэ си анэ Сокъур Анжели, си адэшхуэ-анэшхуэми я фІыгъэщІ си зэфІэкІыр. Мамэ и пшынэ гъбзэрэбзэкІэм сызэрыщІыкІуэ сыкІэлъэпоплъ. Нэхъ пасэм пианинэм сеуэу щытащ, си ныбжьыр ильэс 11-м нэсауэ пшынэр нэхъ кьыхэсхащ.

Данэ и пшынэм лъэпкъ макъамэхэр дахэу кьрегъэкІ, апхуэдизуи классикэ жанрми фІыуэ хозагъэ. ЩІэ-щІэхьыпэ зыхэт зэхъэзэхуэхэм пашэныгъэ кьыхэрыщихьам щхьэкІэ кьрата щІыхь тхыльхэм яхэлъщ ешхи итха макъамэ зэрригъэзэщІам щхьэкІэ кьыхуагъэфэщаХэри. Пшынэм зэреуэм и мызакъуэу, езым и Іэдакъэщ Іэкіэхэри утыку кьызэрырихьэм нэхъри егъэльагэ адыгэ пщащэм и зэфІэкІыр.

ФІыуэ зэреджэм, ехъуІэныгъэшхуэхэр зэриІэм папщІэ, Данэ иджыблагъэ кьыхуагъэфэщащ КъБР-м и Президентым и щэкІэ щыІэ стипендиер.

- Еджэным сызэрегуГъуэгу кьыхэзыпхъэзэпщыныжьмкІэ милицэм зыщІэзыгъэкъуэн дружинэхэр кьызэрагъэпэщыну. Нобэ ди кьару псори зыхуэдунэтІысхьэр щІыхуэм я гъащІэм шынагъуэ кьытедмыгъэхьэнырщ, аХэр мамыру псэныр кьызэдгъэпэщыныр.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапх.

Зыми хуэвмыдэ!

ЩІэныгъэлІ-этнограф цІэрыІуэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор ЦІыпІынэ Арсен (Асльэн) зэрауКІам ежакІуэ КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен жиІар:

- Экстремистхэм яІэщІэкІуэдащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыІэрыІуэ щІэныгъэлІ-этнограф, филологие щІэныгъэхэм я доктор, адыгэ Іуэрыіуатэм кууэ хэзыщІыкІ, республикэм и цІыху пэж, адыгэ лъэпкъым и хабзэхэр зыхъумэ, ахэр япэкІэ зыгъэкІуатэ ЦІыпІынэ Арсен.

ЩІэпхъаджащІэхэм я напэншагъэмрэ гущІэгъэншагъэмрэ гъунэ яІэкъым - абыхэм цІыху гъащІэр зыІуи ебгъадэркъым. Дунейм зы цІыхуи зы дини теткым апхуэдэ хьэжІэкъхъуэкІа-рэр тэмэму кьилъытэ эу.

ШІэч лъапхъэ хэлъкъым экстремистхэм зэхащІыкъхэр республикэм исхэр гъэшынэным, щытыкІэр зэІыгъэхьэныи зэрыхуэунэтІам. Апхуэдэ цІыхуГъэшнагъэм и унафэщІ ди дзэкъуэгу бандитхэм дапщІэуэвэну ди кьалэнщ. Пшэч хъ ухукъым ди жьилагъэм я Іуэху елтыкІэм зыкІи емыкІуалІэ «ислъам кьабзэм» и хабзэ мыхъумыщІэхэр пхагъэкІыну ахэр зэрыхуэІуэкъур. Дэ дызэкъуэтэн ди «идеологэмрэ» абыхэм шынагъэкІэ ягъэІурыщІэ я дзЭпкьыкъуэгъэмрэ зэхащІыхь щІэпхъаджагъэ кІэуэлынщІ.

Абыхэм щІэныгъэ ящІэрыщІэ, гъэшынэным зэхъуэкІыжьыр, зыми хуэвмыдэ фІы гъащІэм унафэ трагъэщІыхьу. Экстремизмэми ар дзэзыІыгъэхьэныкъым щхьэкІэ, Гувами щІэхъами, абыхэм яхуэфащэ ялъысыжьыну.

Апхуэдизу дэ ди кьалэнщ хабзэхъуэмэ органхэм щІэныгъэшагъэр кьызэрэзэпэщыныжьм щІэпхъаджащІэхэр кьэлъыхуэнымкІэ защІэдгъэкІыжьэну. Иджыпсту цІыхуэхэм нэхъ япэгъунэгъуэр рикьан, кьалэ, кьуажэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэрщ, властым и щІыпІэ органхэм я депутатхэрщ. Абыхэм цІыхуэхэм нэхъ жьыдэжру ядэлъэжьну, кьекІуэкІ Іуэхуэр гурагъэІуэну я кьалэнщ. ЩІыпІэхэм щІэ я Іинджэщ еттащ жьилагъэуэхэм хабзэр щыкъумэныжьмрэ щынагъэшнагъэ кьыщыІэзэгъэпэщыныжьмкІэ милицэм зыщІэзыгъэкъуэн дружинэхэр кьызэрагъэпэщыну. Нобэ ди кьару псори зыхуэдунэтІысхьэр цІыхуэхэм я гъащІэм шынагъуэ кьытедмыгъэхьэнырщ, аХэр мамыру псэныр кьызэдгъэпэщыныр.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапх.

ЦІЫПІЫНЭ Арсен Амырбий и къуэр

Ар адыгэ Іуэрыіуатэмкіэ къудамэм и унафэщІу яГъэуващ. А Іэнатіэм зэрыпэрытым хуэдэурэ, 2006 гъэм щІыщІэдзауэ Барбэч М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Кавказым и лъэпкъхэм я Іуэрыіуатэмрэ литературэмкІэ къыщызэІуаха кафедрэм и унафэщІу щытащ.

Нэхъ ижьыкІэ ар яГъэуващ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтым и щІыныгъэ лъэжьакІуэ нэхъыщхьэм и къулыкъум.

ЩІэныгъэ лэжьыгъэу ЦІыпІынэ Арсен къэзыІэтащ адыгэхэм я Іуэрыіуэтэмрэ къадекІуэкІ хабзэхэмрэ ятеухуауэ монографиеу тІу, нэгъуэщІ тхыгъэу пщІы БжьыгъэхэР. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми мыкъэзыщІу иІэщ Кавказ Ищхъэрэм, Урысейм и лъэпкъхэм я щэнхабзэр джьнымкІэ. ЦІыпІынэ Арсен жыджэру хэтащ фольклористикэм, литературоведенэм, тхыдэм, этнографием я Іуэхуэхэмкіэ дунейпсо, урысейпсо, щІыналъэ конференц кІэдым.

ЩІэныгъэ Іэнатіэм щиІэ фІыщІэм папщІэ ЦІыпІынэ Арсен КъБР-м и Правительствэм и къулыкъушІэ (1999 гъэм). Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым и щІыхь тхылъэр (1998, 2001 гъэхэм) къратащ. 2006 гъэм абы къыфІащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр.

ЩІэныгъэр цІыхуэм яхэщІыкІІ, адыгэхэм я мызакъуэу, Кавказым ис лъэпкъ щІидзащ, ижьыкІэ 1987 гъэм СССР-м щІэныгъэхэмкІэ и академием Дунейпсо литературэмкІэ институтым щІыщІэсэну ягъэкІуащ, а институт дыдэм аспирантурэр кьы щиухащ. Еджэныр зэфІигъэкІри, абы Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтым щІыгъэзэжащ ижьи щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыщхьэу щыІащ.

1992 гъэм ЦІыпІынэ Арсен «Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) хъыбарыжьхэр» кандидат диссертацэр, 2002 гъэм доктор диссертацэр пхигъэкІащ.

Къанокъуэ А. Б., Чеченов А. А., Меркулов А. В., Жамборэ В. С., Абрэдж І. Хъ., Бечелов И. Б., БгъэжьнокъуэТ Б. Хъ., Бозий Н. М., Вэрокъуэ В. Хъ., Уянаев А. С., Дадэ М. А., Гертер И. К., Жаным Р. М., Жаным Б. Хъ., Зэкъошэрэ Б. Хъ., Къарэмырзэ Б. С., Къхъуэлуфэ Хъ. Хъ., Саенкэ Т. В., Сэхъурокъуэ Хъ. Хъ., Тау П. КІ., Улянаев К. Хъ.-М., Фырэ Р. Б., Хьэгъэс З. А., ХьэфІыщІэ М. М., Черкесов Г. М., Шэт М. Н., ЩхьэгъэпсО С. Хъ., Ерчэн Т. Хъу.

ДыхуэпІащІэ, фІы куэдкІэ дыщогугъ

2011 ИдъэсыщІэр хэткІи ирехъу угъурлы, А псалъэм дэтхэнэ щІыхуми ирипхыр езыр нэхъ зыхуэпабгъэ, кІеХъуІэну нэхъ зыщІэхъуэпсу и пщІыхьым хэмыкІ Іуэхуигъэхэращ.

ЩРЕТ ар мылъкушхуэу е узыншагъэ быдэу, щІэныгъэ, ехъуІэныгъэу, лъагъуныгъэу е мамыругъэу. А псоми сахэмыдэу икІи зэкІэрызмычу, зы хъмышІУ, зэуІуу фхъэшгъафащэ ди щІыху псоми, Тхъэшхуэри а фІыгъуэхэмкІэ кьыфхуэупсэну сыфхуохъуахъуэ.

Нобэкіэ нэхъыбэ хъуауэ кьытфІэщІ щхьэхуэщагъэмрэ дзыхьмышІыныгъэмрэ, кьэралым тІэкІу Іэпэдэгъэлэл щІу ди гъащІэм узыщрихьэлІэхъуа лъэпощхьэпохэмрэ ди дЬэр щІамигъэхуу, абыхэм даЗэрытекІуэфын акъыл жанрэ гупсысэ нэхурэ дэтхэнэми ди гум Алыхым кьрилъхьэну сыщІокъхъэпс. ЦІыхубэм я гъэфащэ ди щІыху псоми, Тхъэшхуэри а фІыгъуэхэмкІэ кьыфхуэупсэну сыфхуохъуахъуэ.

Нобэкіэ нэхъыбэ хъуауэ кьытфІэщІ щхьэхуэщагъэмрэ дзыхьмышІыныгъэмрэ, кьэралым тІэкІу Іэпэдэгъэлэл щІу ди гъащІэм узыщрихьэлІэхъуа лъэпощхьэпохэмрэ ди дЬэр щІамигъэхуу, абыхэм даЗэрытекІуэфын акъыл жанрэ гупсысэ нэхурэ дэтхэнэми ди гум Алыхым кьрилъхьэну сыщІокъхъэпс. ЦІыхубэм я гъэфащэ ди щІыху псоми, Тхъэшхуэри а фІыгъуэхэмкІэ кьыфхуэупсэну сыфхуохъуахъуэ.

Ижьыгъэ уи псэрэ етауэ улэжьжьэр, уи инагъымкІэ гуныкъуэгъуэ уимыІэу, абы щІэсхэр щхьщІыпхъ

Америкэми щоIу адыгэ пшыналъэр

***Къэбэрдей-Балькъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ, Ингуш республикэхэм я цIыхубэ артистхэ, ди щIыналъэм и мызакъуэу, нэгъуэщI щIыпIэ Iэдэмми фIыуэ къыщацIыхуу, кIыщальагъу уэрэджыIакIуэ Сокъур Ольгэ Америкэм щыпсэу адыгэхэм я деж щыхьэщIащ. И нэгум щIэкIахэм тедгъэпсэлъыхьыжым тфIэфIу абы зыхуэдгъэзащ.**

- Ольгэ, дауэ укIуа хьуа Америкэм?

- Нашлык къаIэм дэт «Старый двор» зыпсалъэхьэщIэщым уэрэд щыжыIэу зэхахат Америкэм къикIа ди лъэпкъгъуэм. Ахэращ сезыгъэблагъэри.

- Дауэ къыпIуащIа-тIэ а къэралым щыпсэу адыгэ хэкIэхэр?

- Мыдэ я зы Iыхьлы гъэр къаухуэкIуэжам хуэдэу хуабжьу гуапэу къыспсежащ. Сыщынэса махуэм къыщыщIэдзауэ сыкъежьыжьу я щIыпIэ дахэхэр сагъэлъагъуу сыкъэрашэкIащ, я унагъуэхэм хьэщIагъэ къыщыдахащ, саугъэт лъапIэхэр къысхуащIу. Хэтхэ я унагъуэ ущыIа жыпIэмэ, куэд мэхъу ахэр, псалъэм пащIэ, Чэгъадзуэ Дариалрэ Альбинэрэ, эщIхьэнъуэсхэу Шон Зиуарэ Рендэрэ, нэгъуэщIхэмрэ унагъуэхэм. Сэ сфIэгъэщIэгъэнагъ Иорданым и пащтыхьыкъуэ Алийр Шонхэ я деж, хэтми закъомыгъащIэу, иныжь псокIэ зэрыщысэхуэ къызжаIати.

- Дэнэ уи концертыр щыптар?

- Нью-Джерси дащIыхьа ресторанныщIэм и бжэр си концертымкIэ къызэIуахащ. Ямэ зэIущIэр зытеухуэр студентхэм дэIэпыкъунырти, си лъэпкъэгъу ныбжьыщIэхэр къаIэшхуэхэм дэт колледжхэм щIэтIысхьэныжкIэ щIэгъэкъуэн сазэрыхуэхьфыр (псапащIэ концертым къыхэкIа ахъшэр аэрат зейр) си гуапэу щIалэгъуэхэм сагъэIущащ.

- Сыт хуэдэ уэрэдхэра яжеп1ар?

- Нэхъыбэу згъэзэщIар цIыхубэ уэрэдхэращ, ауэ абыхэм къадэкIуэуи хьэрыпыбзэкIэ, тыркубзэкIэ, абазэбзэкIэ, кIымыргуеибзэкIэ уэрэдхэр жысIащ. Лъэпкъ куэдым щыщхэр зыщIэса пшыхьым кIрихьэлIахэм ар хуабжьу я гуапэ хъуащ, ябыныкъуэхэри къыздежьуащ.

Ди концертыр игъэдахащ Америкэм и Адыгэ Хасэм и «Нарт» къэфакIуэ гупым. ЕкIуу кьофэ абы хэтхэр.

- Дауэ къыщыхъуу къэпсалъэтэрэ абыкIэ щыIэ щIэнэдэлъхъуэкIэм адыгэ макъымэр?

- Жыыми, щIэми, ди бзэр зыIурылъми, ар зымыщIэжми адыгэ уэрэдыр зыпащI щыIэкъым. Апхуэдэ защIэщи си концертым щIэсахэр. ЕдаIуэ дэтми, зэрызэмыгъэнщIым и щIыхьэту, Адыгэ Хасэм и унэм щедгъэкIуэжIа зэIущIэми уэрэд щыжысIащ. ФIыщIэ яхуэсщIыну сыцхьэщIу ар зи жэрдэмхэм, Хасэм и лэжьакIуэхэу дохутыр Шон Зиуар, «Атлантик» IуэхущIапIэм и унафэщI Коэзыт Фарукъ, детектив Чэгъэду Нарт сымэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми и унагъуэм щызыхэсщIащ адыгагъэ нэсыр.

- ЕтIуанэ концертыр зэрекIуэкIами и гугъу къытхуащIыжыт, Ольгэ.

- Ар нэхъ гуапэжу екIуэкIауэ сэ къысщохъу, ауэ зы Iуэхум нэщхъей ещI: псапащIэу къызэдгъэпэща зэIущIэм къыпэкIуа ахъшэр узнафэ хьэлъэ зыпкърыт адыгэ щIалэ цIыкIущ къызыхуэзгъэнар. Узым къыхигъэзыхь цIыхум удэIэпыкъунырт псапэщ, Тхьэм гущIэгъу къыхуищI!

- Ямэ концертми ещхьу, етIуанэми кърихьэлIахэм уи уэрэхэм, къыдежьууахэр къьхэжIа?

- АхъеймиI Къыззэрыщ-кIамкIэ, Самир зи цIэ щIалэр си гъуэсу «Уэрэ сэрэ» уэрэдыр зэрыжьтIар ягу ирихьри, зэIущIэм кърихьэлIахэр етIуанэуи къыщIэлъэIуащ. Апхуэдэуи хуабжьу ди Iуэхур къыдидиIыгащ пшынауэ Тимур, дакъикьитхум кьриубыдэу абы зригъэщIат макъамэр. Псом хуэмыдэжу ягу ирихащ «Пэрдэжэ едэшгъуэхэр», ямэ концертми етIуанэми ар зыбжанэрэ щыжысIагъэ.

- Шэч хэмылъу, пшыхьхэр адыгэ хэхэсхэм ягу кIынэжьнущ...

- Апхуэдэу сыщогугъ. Ар ягу къызэрагъэкIыжьи гущэдэсшэмэ сфIэфIти, сыщежьэм къэсщтат си Iэ щIэдзыкIэр зытет махуэгъэпс, Iункъыбзэм кIэращIэ хьэпщыпи цIыкIуэр, дискхэр. Ахэр мымащIэми, зыIэрыгъэхъэныу хуейкэр зэрыгнэхъыбэжьыр си гуапэ хъуащ, щIэхъуэпса псоми зэраIуьмысари си гукъеуэщ.

- Дауэ укърагъэжьэжа?

- Сэри езыхэри дыхуейтэкъым дызэбгъэдэкIыжыну. Псом нэхъ зрэмыхьэу сыщогуфIыкI адыгэбзэр зыIурылъ щIалэгъуалэм зэрахэтым икIи фIыщIэнхуэр яхуэзощI анэдэлъхуэбзэр щIэблэм хуэзыхьуа нэхъыжьхэм. Абыхэм папщIэ, ди лъэпкъым щхьэкIэ хэхэсхэм деж кIуэ гъуэгум иджыри сытехьэну си гугъэщ.

Епсэлъэр

ВЫНДЫЖЬ Мариед.

Сокъур Ольгэ

СЭРАХЪЭ Людмилэ

● ЕгъэджакIуэм и псалъэ

ФIыгъуэу щыIэр къыфлърес!

ФIыгъуэ инхэр
Фи гум щызу,
Насыпыпъэм из зэпыту,
Фызэнэзэпсэу,
Тхьэшхуэр кьыфхуэупсэу,

ЩIылъэм кьывит защIэу,
Быну фиIэр узыншIу,
Дэрэжэгъуэр кьывату,
Тыгъэу фщIыфыр фи псапэу,
Фи еджакIэр фхуэпашэу,

Пщащэу фиIэр щIэх яшэу,
Щууей хахуэр фи куэду,
Дэ пэтьытэу, унагъэр
Сытым дежи купщIафIэу,
Абгъуэу фиIэм мытыку изу,
ЗэгъуэнэгъуэкIэ фызэфIу,
ФIыгъуэу щыIэр кьыфхэхъуэу,
Хьуэхъуу жаIэр кьыфтыусу,

Фи сабийхэр фхуэгъасэу,
Я ныкъ Iэсэр фи ныесэу,
Анэр фIыуэ яIъагъуу,
Адэм гуапэ жраIэу,

Фи къэрыпъхъуэр гъэсауэ,
Я увыпIэр ящIэжу,
Жьыр щIэри яIъытгъу,
Ягу зеIъатэу псэунхэу,
Нанэу фиIэр Iумахуэу,

ХущIэмыхьхэр фи куэду,
Фи дадэщхъуэри жьакIащхъуэу,
Хъушэу фиIэр бжыгъэншэу,
Шатэ маер фи шхыну,
НакIуэ-къакIуэр фи куэду,

Дэрэжэгъуэу кьыватым
Тыгъэ гуапэ хэфщIыщIыу,
Уафи щыIэм мамыру,
Адэжь пъхэр щIэращIэу,
Нэмрэ псэмрэ ар хуэфху
ИпIэсащIэ къэкIуэнур
ЕфхъэкIыну сохъуахъуэ!

СЭРАХЪЭ Людмилэ,
Налшык дэт курыт школ №25-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и еГъэджакIуэ.

Насып мыкIуэщI къытхудэкIуэну

Ди республикэ дахэм щыпсэу щIыхь псоми Илъэсыщ1э къэблэгъамкIэ гуапэу сыныводхъуэхь!

ФИ ГУАЩIЭМРЭ фи дуней тетыкIэ екIуамкIэ, фи щIэныгъэмрэ акъыл кьабзэмкIэ, зэфIэкIкIымрэ Iуэхущ1афэ дахэмкIэ цIыхуэхэм сэбэн фахуэхъуфу, бзм я арэзыныгъэрэ пщIэрэ фиIэу, унагъуэм, Iэнатlэм къыщыфхуащI щIыхьыр щIэрэ минкIэ бзэгъуэуэ Тхьашхуэм кьывбгъэдильхьэну си гуапэщ. Апхуэдэ дуней тетыкIэм кьыпэкIуэ фIыгъуэм фи лъэр щIигъэкIыу, дзрэжэгъуэ инрэ насып мыкIуэщIрэ кьыфхуикIыу къэдгъуэзыну фIыпсэу, си лъахэгъу лъапIэм!

ТОКЪУ Сарэ,
УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и отличник.

ДУМЭН Мурадин:

Театрыр лъэпкъым и набдзэщ

Лъэпкъым и бзэмрэ щэнхабзэмрэ зауэщIыныкIэ нэхъ мыхьэнэщхэр зиIэхэр ящыщыр театрыр. Ахэр зэрызэпыщIам, зэрызэщIэжьыуэм, театрым и зэфIэкIхэм тедгъэпсэлъыхьыну дэ зыхуэдгъэзащ Щоджэнщ1ыкIу Алий и цIэр зезыхъэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист Думэн Мурадин.

- ЩЭНХАБЗЭР - ар лъэпкъэр нэхъри зэгъуэнэгъуэ зыщIщ, нэгъуэщI щIыналъэхэм щыпсэухэм укъезыгъэщIыхущ, уи пщIэр, щIыхьыр зыIэтщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, нобэкIэ абы хуащI гулъытэр мащIэ. ЖысIэну сызыхуеиращи, актер нэсыр гъуэтыгъуейщ. Ахэр хъумэн, къэралым и нэIэ зытригъэтын хуейхэм ящыщ. Нобэ къекIуэкI Iуэхугъуэ мыщхьэпэхэр сыт къызыхэкIыр, ди щIалэгъуалэр сыт щIкIэзыIыхьэр? Зэрыгъэхуншэрщ, я зэщ щытрагъэун зэрамыIэрщ. Къуажэ псоми клубхэр тэмэму щылажьэу, щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ я лIэужьыгъуэхэм щыдрагъэхьэх Iуэху абыхэм куэду щекIуэкIыу щытамэ, ныбжьыщIэхэм апхуэдиз гущIыIэ къахэкIынтэкъым.

- Ди лъэпкъ театрым и Iуэху зытетым теухуауэ сыт жыпIэнт, Мурадин?

- Ди артистхэм я лэжьыгъэр апхуэдизкIэ фIыуэ яIъагъу, я псэм хэльщи, улахуэр зэрымащIэми емыльытагъэ, я кьаланэ ягъэзащIэ, я Iэщ1агъэр Iэщ1ыбэ яхуэщIыркъым. Театрыр Iэмэпсымэ куэдым зэрызэуныкъуэми гугъу дрегъэхь. Пэжщ, театрэм я унэшхуэ иджыпсту ящI, ар яухмэ, а дызыхуэныкъуэу жыхуэсIэ псори абы щыдгъэуатыну къыщIэкIынщ, ауэ ди нэхъыжьыфIхэм щIэину къытхуагъэнар здэщыIэр Щоджэнщ1ыкIум и цIэр зезыхьэ къэрал драмэ театрым и унэрщ. Уи гур хохьэу, гукъыдэжым зыкъеIэт мыбы укъыщыщIыкъэкIэ, Абыхэм я Iуэхум зэрыпыщIэм уегъэгушхуэ. Сэ си цIыхьэIэ мы унэр дымыбгынэмэ нэхъыфIу къызолытэ.

- Театреплъхэр сытым нэхъ дихьэхыу къыпщыхъурэ?

- Сэ пьесэ щыстхкIэ сатирэмрэ гушыIэмрэщ нэхъыбэу къыхэсхыр. ГъащIэм щыслъагъу, абы къыщыхъу Iуэхугъуэхэрщ къэсIуэтэжыр. Гушыlэм нэхърэ сатирэр нэхъ сфIэгъэщIэгъэнщ. Никъуасныгъэр згъэщIэращIэурэ фарс теплъэ иIэу сщIыми, гушыIэ гуэр, макъамэ хэзгъэхэми пэжжар къызэрыгъэлъэгуэным яужь ситщ. Псалъэм папщIэ, абыхэм ящыщщ «Уэлий и парашют» трагикомедиер. Ар Осетие Ищхъэрэ, Адыгэ республикэхэсми я театрхэм щагъэлъэтъуащ. НэгъуэщIхэри кьыззэрыщIэуупщIэм тесщIыхьмэ, кьыхэсха IуэхугъуэмкIэ сыщыукъым. Мы заманым щIыхуэр зыгъэгуэвэр зыщ. Ауан дытщIыж хуэдэурэ, къытхуэзнэжкIынту пIэрэ?

- Сыт фелэжьрэ, премьерэ щыIэну дыгугъэ хъуну?

- Адыгеим щыщ драматург, тхакIуэ Къуиикъуэ Налбий и рассказхэм къытращIыкIа «Сынывольэ1у, сыщIэфлъхьэж» спектактыр догъэхьэзыр. Ар трагикомедиещ, цIыхуэхэм ягу ирихьныуи къысщохъу.

- Театреплъхэм, ди газетеджэхэм сыткIэ захуэбгъэзэнт, Мурадин?

- Я гъащIэр дахэу, я насыпыр куууэ, фIыгъуэр я куэду, сабий къащIэхъуэу, я нэхъыжьыр къащхьэщыту, зэрыадыгэр ящымыгъупщэу, адыгэбзэр я унагъуэм щызекIуэу, я хабзэр я лъапсэм илъу куэдрэ псоуэ Тхьэм ищI! ИлъэсыщIэ къэблагъэм я мурадхэр я дежъуIуэну, Iейр блэкIам къыщагъэнащ, фIыгъуэр къапэплъэу Тхьэм жиIэ.

БАЦЭ ФатIимэ.

Хъуэт ФатIимэ

Сыт лъэр жан зыщIыр?

Араши, еух 2010 гъэр, кьоблагъэ 2011-р. Илъэс екIуэкIар ЕгъэджакIуэм и гъэу щытащ. Аруан куейм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджэхэм ди дежкIэ ар лэжьыгъэ зэмылIужьыгъуэ куэдкIэ, екIуэлIэныгъэфIэкIкIэ гъэнщIауэ етхьэжа лъэхъэнэщ.

ЕГЪЭДЖАКIУЭМ и зэфIэкIкIыр езыгъэлъагъуэжыр, и лэжьыгъэм и хьелыр кьыззэрилъытэр и предметымкIэ и гъэсэнхэмэ щIэныгъэрщ. Дэ абыкIэ гушхуэныгъэ кьытхэзэлъхьэжи дгъэщ. АдыгэбзэмкIэ екIуэлIа республикэпсо олимпиадэм щыгъуэзащ. Ноби къекIуэкI Iуэхугъуэ мыщхьэпэхэр сыт къызыхэкIыр, ди щIалэгъуалэр сыт щIкIэзыIыхьэр? Зэрыгъэхуншэрщ, я зэщ щытрагъэун зэрамыIэрщ. Къуажэ псоми клубхэр тэмэму щылажьэу, щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ я лIэужьыгъуэхэм щыдрагъэхьэх Iуэху абыхэм куэду щекIуэкIыу щытамэ, ныбжьыщIэхэм апхуэдиз гущIыIэ къахэкIынтэкъым.

- Ди лъэпкъ театрым и Iуэху зытетым теухуауэ сыт жыпIэнт, Мурадин?

- Ди артистхэм я лэжьыгъэр апхуэдизкIэ фIыуэ яIъагъу, я псэм хэльщи, улахуэр зэрымащIэми емыльытагъэ, я кьаланэ ягъэзащIэ, я Iэщ1агъэр Iэщ1ыбэ яхуэщIыркъым. Театрыр Iэмэпсымэ куэдым зэрызэуныкъуэми гугъу дрегъэхь. Пэжщ, театрэм я унэшхуэ иджыпсту ящI, ар яухмэ, а дызыхуэныкъуэу жыхуэсIэ псори абы щыдгъэуатыну къыщIэкIынщ, ауэ ди нэхъыжьыфIхэм щIэину къытхуагъэнар здэщыIэр Щоджэнщ1ыкIум и цIэр зезыхьэ къэрал драмэ театрым и унэрщ. Уи гур хохьэу, гукъыдэжым зыкъеIэт мыбы укъыщыщIыкъэкIэ, Абыхэм я Iуэхум зэрыпыщIэм уегъэгушхуэ. Сэ си цIыхьэIэ мы унэр дымыбгынэмэ нэхъыфIу къызолытэ.

- Театреплъхэр сытым нэхъ дихьэхыу къыпщыхъурэ?

- Сэ пьесэ щыстхкIэ сатирэмрэ гушыIэмрэщ нэхъыбэу къыхэсхыр. ГъащIэм щыслъагъу, абы къыщыхъу Iуэхугъуэхэрщ къэсIуэтэжыр. Гушыlэм нэхърэ сатирэр нэхъ сфIэгъэщIэгъэнщ. Никъуасныгъэр згъэщIэращIэурэ фарс теплъэ иIэу сщIыми, гушыIэ гуэр, макъамэ хэзгъэхэми пэжжар къызэрыгъэлъэгуэным яужь ситщ. Псалъэм папщIэ, абыхэм ящыщщ «Уэлий и парашют» трагикомедиер. Ар Осетие Ищхъэрэ, Адыгэ республикэхэсми я театрхэм щагъэлъэтъуащ. НэгъуэщIхэри кьыззэрыщIэуупщIэм тесщIыхьмэ, кьыхэсха IуэхугъуэмкIэ сыщыукъым. Мы заманым щIыхуэр зыгъэгуэвэр зыщ. Ауан дытщIыж хуэдэурэ, кьытхуэзнэжкIынту пIэрэ?

- Сыт фелэжьрэ, премьерэ щыIэну дыгугъэ хъуну?

- Адыгеим щыщ драматург, тхакIуэ Къуиикъуэ Налбий и рассказхэм къытращIыкIа «Сынывольэ1у, сыщIэфлъхьэж» спектактыр догъэхьэзыр. Ар трагикомедиещ, цIыхуэхэм ягу ирихьныуи къысщохъу.

- Театреплъхэм, ди газетеджэхэм сыткIэ захуэбгъэзэнт, Мурадин?

- Я гъащIэр дахэу, я насыпыр куууэ, фIыгъуэр я куэду, сабий къащIэхъуэу, я нэхъыжьыр къащхьэщыту, зэрыадыгэр ящымыгъупщэу, адыгэбзэр я унагъуэм щызекIуэу, я хабзэр я лъапсэм илъу куэдрэ псоуэ Тхьэм ищI! ИлъэсыщIэ къэблагъэм я мурадхэр я дежъуIуэну, Iейр блэкIам къыщагъэнащ, фIыгъуэр къапэплъэу Тхьэм жиIэ.

БАЦЭ ФатIимэ.

Пэщол Сакимэ

● Гъуэгу къежьапIэ

ЛъагапIэщIэхэм хуоплъэ

Лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьныныгъэр и пIэм зэрымытым и щIыхьэту абы кьыхэхъуэу зэпытщ унэтIыныгъэ зэмылIужьыгъуэхэм ятеухуа къэхутэныгъэ лэжьыгъэ, кущIапIэхэр, ахэр зэфIэзэх щIэныгъэлI щыкIыщIэкIэр, Нэхъыжьхэм я щапхъэхэр, нэхъыщIэхэр тогушхуэ ипэ итахэм я Iэ зыхуэнмысиз щIэныгъэ Iыхьэхэм елэжьыным, тегушхуэм и деж кьыщымынэу, абыхэм екъэIуIа кьэхутэныгъэ къэзмэтхэр игъэкIыжкI, я Iэдакъэщ1экIхэр, пщI1 яIэу, утыкуэщхуэхэм кьрахь, Зи ныбжькIэ щIалэ апхуэдэ щIэныгъэ дэжьакIуэхэм я щапхъэщ КъБКЪУ-м и педагогикэ колледжым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж, филологие щIэныгъэхэм я кандидат Пэщол Сакимэ.

ТЭРЧ куейм хьхьэ Болэтей къуажэм кьыщалъхуа Сакимэ жылэм дэт курыт школыр фIы дыдэу кIыуэхащ. Анэдэлхубзэм и Iэфlагъыр зыхищIэу, лъэпкъ Iуэрыlуатэмрэ тхыдэмрэ сыт щыгъуи дахьэхыу кьэхуатэ, бзэмрэ литературэмрэ нэхъ куууэ хуеджэну ар щIэтIысхьащ КъБКЪУ-м филологиемкIэ и институтым, 2004 гъэм ерджэныр зэфIигъэщIащ екъулIэныгъэ иIэу, икIи «ФилологиемкIэ магистр», «Еджапlэ нэхьыщхьэм и IэщlагъэлI» щIэныгъэщIэхэр иIэу лэжьэн щыщIидзащ КъБКЪУ-м и педколледжым.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iэнатlэм зэрыпэрыт илъэсэ 5-м щIигъуэм, Пэщлым зэфIэкI лъагэхэр кIигъэльэгъуащ. Студент ныбжьыщIэхэм я унэтIакIуэ Iэкlуэлъакlуэри игиГъаджэхэри ящыжьэу хуэщI колледжым и гъащIэм. Ар хуэдэу, «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестивалым хэту, Сакимэ итащ дерс купщIафIэ икIи хьэлэмэт, иджырей методикэм и Iэмал куэд кьыщигъэсэбэгъну. Зэпеуэм ныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и щIыхь тхыльи кьыхуагъэфэщащ.

Махуэгъэпсым кьыщыхэгъэща зы махуэшхуи гульытэншэ ящIыркъым Сакимэ, ар ЕгъэджакIуэм е Анэм я махуэ ирехьу, лъэпкъ тхакIуэхэм я псэм елкIуэхэм я юбилейуэ е Анэдэлъхубзэм и махуэшхуэу щрет. Абы ефжанIэм щIэхщIэхыурэ кьыщыззрегъэпэщ апхуэдэ зэIущIэхьэпэмэтхэр, пшыхь купщафIэхэр. Адыгэбзэмрэ литературэмрэ я махуипщIу колледжым щыпсэу, Тхьэм гущIэгъу кьыхуищI!

- Ямэ концертми ещхьу, етIуанэми кърихьэлIахэм уи уэрэхэм, кьыдежьууахэр къьхэжIа?

- АхъеймиI Къыззэрыщ-кIамкIэ, Самир зи цIэ щIалэр си гъуэсу «Уэрэ сэрэ» уэрэдыр зэрыжьтIар ягу ирихьри, зэIущIэм кърихьэлIахэр етIуанэуи къыщIэлъэIуащ. Апхуэдэуи хуабжьу ди Iуэхур къыдидиIыгащ пшынауэ Тимур, дакъикьитхум кьриубыдэу абы зригъэщIат макъамэр. Псом хуэмыдэжу ягу ирихащ «Пэрдэжэ едэшгъуэхэр», ямэ концертми етIуанэми ар зыбжанэрэ щыжысIагъэ.

- Шэч хэмылъу, пшыхьхэр адыгэ хэхэсхэм ягу кIынэжьнущ...

- Апхуэдэу сыщогугъ. Ар ягу къызэрагъэкIыжьи гущэдэсшэмэ сфIэфIти, сыщежьэм къэсщтат си Iэ щIэдзыкIэр зытет махуэгъэпс, Iункъыбзэм кIэращIэ хьэпщыпи цIыкIуэр, дискхэр. Ахэр мымащIэми, зыIэрыгъэхъэныу хуейкэр зэрыгнэхъыбэжьыр си гуапэ хъуащ, щIэхъуэпса псоми зэраIуьмысари си гукъеуэщ.

- Дауэ укърагъэжьэжа?

- Сэри езыхэри дыхуейтэкъым дызэбгъэдэкIыжыну. Псом нэхъ зрэмыхьэу сыщогуфIыкI адыгэбзэр зыIурылъ щIалэгъуалэм зэрахэтым икIи фIыщIэнхуэр яхуэзощI анэдэлъхуэбзэр щIэблэм хуэзыхьуа нэхъыжьхэм. Абыхэм папщIэ, ди лъэпкъым щхьэкIэ хэхэсхэм деж кIуэ гъуэгум иджыри сытехьэну си гугъэщ.

Епсэлъэр

ВЫНДЫЖЬ Мариед.

«Гуапагъэмрэ гумащIагъэмрэ зэгъусэу»

Апхуэдэ фIэщыгъэм щIэту илъэс кьэс «Урысей зэкъуэт» партым и Налшык къудамэм псапащIэ Iуэху ирегъэкIуэкI. Ар яхуэгъэпсаш щытыкIэ гугъуэм къьхута сабийхэм.

ДЫГъЭГъАЗЭМ и 21-м щрагъэжьауэ къалэм дэт сабий интернатхэм Уае Дадэмрэ Уэс Пщащэмрэ яхуоблагъэ илъэсыщIэ саугъэтхэр яIыгъуу. «Интернатым и гъэсэнхэм ящыщ куэдым Iэмал иIэкъым а махуэшхуэр я унагъуэхэм щагъэльэпIэну. Абы кьыхэкIыуи а сабийхэр ди гупытэрэ гуапагъэрэ нэхъ хуэныкъуэщ», - жаIэ «Урысей зэкъуэт» партым и Налшык къудамэм и лэжьакIуэхэм.

Дыгъэгъазэм и 28-м артист ныбжьыщIэхэр я гъусэу ахэр яхуеблэгъащ республикэ интернат №1-м. Iуэхущ1апIэм и унафэщI Энеевэ Лидие хьэщIэхэм гуапэу якIуащIэри, кIэщу я псэукIэм щигъэгъуэзащ, махуэшхуэхэр я гъэсэн щыкIуэхэм кьыззэрыхуэзрагъэпэщми и гугъу ищIащ. «Урысей зэкъуэт» партым и щIынатIэ къудамэм и исполкомым и унафэщI Дядченкэ Владислав сабийхэм ехъэхуэхуащ Илъэсыщ1э дызытехьэм гуфIэгъуэрэ дрэжэгъуэрэ кьахуихьыну, ехьулIэныгъэр я Iэпэгъуу я гъащIэр ирахьэкIыну.

Дахэу гъэщIэрэщIа псейр зэрыт утыкур артистхэм хуэт хуащIри, сабийхэм я нэгу зрагъэужьащ уэрэджжыIакIуэхэу IЯКА, Битохьу Элеонорэ, КIуантIэ Аленэ, Костинэ Алинэ сымэ, «Къафэ», "Седьмое чувство" ансамблхэм я къэфакIуэхэм. Псом хуэмыдэу щыкIуэхэм я дрэжэгъуэр кьаIэращ Уае Дадэмрэ Уэс Пщащэмрэ, абыхэм я гъусэу къэфащ, джэгуащ. Iэгуаузэшхуэ хуаIэту, и упщIэхэм жыджэру жэуап кьратыжу утыкум итащ клоунри.

щхьэщэмыщI Изэ.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Щ1ыхьрэ пщIэрэ

● Спорт

Дыгъэгъэгушхуэн куэд 2010 гъэм спортми къыщыгъэхьащ. Дн1ащ къэралым, Европэм, дуней псом я чемпионхэр. Ахэр нджыри зэ фигу къэдгъэкIыжащ.

Гъатхэпэм

«Налшык» спорт комплексым щызэIущIащ Урысей Федерацэмрэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэмрэ бэнэкIэ хупщмкIэ я команд кьыхэхахэр. **Машэжь Расул, Хъуромэ Атмир, Мысыр Елдар, Мер Арсен, Джэду Iэнинар, Урыш Анзор, Махуэ Билал** сымэ зыхэта ди къэралым и пелуанхэм 7:0-у хьэщIэхэр хагъэщIащ.

Мэлыкьыхьым

Азербайджаным и къалащхьэ Баку бэнэкIэмкIэ щекIуэкIа Европэм и чемпионатыр уэрабжу тхуэзыгъуэгъ-лащ. Адыгэ щIалищ зэуэ абы щыстекIуащ: бэнэкIэ хупщмкIэ щIэщ медалхэр къэзыхьа **Махуэ Билалрэ Урыш Анзоррэ** закьыкIэригъэхуакъым алыджырым бэнэкIэмкIэ зэпеуэм хэта **Хъущт Аслъэнбэч**. Хьэлэмэтращ. Урысей Федерацэм и команд кьыхэхам а зэхьэзэхуэм псори зэхэту текIуэныгъипл щIиати, щIыр къэзыхьар ди пэнкьэгъуэхэрщ.

Мэкъуэуэгъуэм

Къэбэрдей-Балькъэрым кьыщалъхуауэ спорт лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ гъаранIэ инхэр къэзыщтэфахэм иджыри зы адыгэ щIалэ къьхэхуауащ. Ар бодибилдингымкIэ иджыпсту дуней псом кьызыпэлъэщIыкIыжмыI э **Iьакъуэдыгъу Рамзесщ**. Дунейпсо классымкIэ спортым и мастер 2008 гъэм Европэм и вице-чемпион хуэ, ди щIэныгъэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэхэм мыхьэ-мыгIэу пашэныгъэр щызыбыда ди лъахэгъэр Мальтэм щызэхэта дунейпсо зэпеуэм щытекIуащ.

Накьыгъэм

«Тажьшхуэр» кьэхьыным теухуауэ дэщдомкIэ дунейпсо турнирым и зы Iыхьэу Бразилием и къалащхьэ Рио-дэ-Жанейрэ щекIуэкIа зэпеуэм, нэгъаби хуэдэу, щытекIуащ Урысей Федерацэм и команд кьыхэхам и пашэхэм ящыщ зы, килограмм 66-рэ зи хьэтыгъуэ я дежъуIуэ, щыбэна ди лъэпкъэгъу **Джэданэ Алим**. Абы нужьыIэ ар куэдкIэ нэхъ пэгъунэгъу хъуащ 2012 гъэм Лондон щыIэну Олимп Джэгуэм хэтыну.

Фокlадэм

БэнакIуэ нэхъ хьэпъэ дыдэхэм (килограммии 120-рэ) я зэпеуэм щытекIуэри, ещанэу дунейпсо чемпион хъуащ **Махуэ Билал**. Финалым абы щыхигъэщIащ 2004, 2008 гъэхэм я Олимп чемпион, 2000 гъэм Олимп Джэгуэхэм дыжьын медаль къащIыщIа, дуней псом тIэнейрэ и чемпион Узбекистаным и лIыкIуэ Таймазов Артур. Абы къыхэкIыу, Махуэ Билал Урысей Федерацэм и спортсмен нэхъыфIу фокIадэ мазэм хъапытащ.

Щ1экIуэгъуэм

Боснием рэ Герцоговинэм рэ я къалащхьэ Сараевэ щекIуэкIа Европэм и чемпионатым пашэныгъэр кьыщыхьащ килограмм 81-рэ зи хьэпъагъэм я деж щыбэна **Хьэбэчыр Мурат**. КIэух зэIущIэм абы и хьэрхуэрэгъур дакъикъэ иримыкIу зэманым щыхигъэщIащ.

«Спартак-Налшык» топдажэу командэм зэи къэмыхьауэ. Къэралым и чемпионатым еханэ увыпIэр къыщихьащ - апхуэдэ лъапсэ ди щIалэхэр нэхъапэм зэи дэкIуеифакъым.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Махуэ Билал



Урыш Анзор

Хъущт Аслъэнбэч

Iьакъуэдыгъу Рамзес

Джэданэ Алим

Хьэбэчыр Мурат

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Къуажэхьхэр

Зил Іэфіу зифі шыпс

●Зи тхъэкІумэр дзасэ, зи пэр сырин9, зи нэр вагъуэ, мапкІэ, малъэ.
●Зи щхьэр пхъэІэщэкІ, зи кІэр куэтэнщэркъ.
●Зил Іэфіу зифі шыпс.
●Ди бжэгъу щхьэкІэ джэдыкІэ хужь цыкІу пысщ.
● Зэкъуэшипщым джэдыгунті ящыгъщ.
● МафІэм имыс, псым имытхьэкІэ.

ЖЭЯПХ ЭР:

ТхъэкІумэкІыхь. Іуэгу шиху. Дмэл. Іэс. Іэтмиті Мбл.

● Къеблагъэ, Илъэсыщ1!

Щабэрыкіуэмэ, Іэдэбмэ - Тхьэкіумэкіыхьщ

Зи теплъэкІэ абрагъуэ, зи хьэлкІэ ткІий Къаплъэным хуэмей-хуэмейуэрэ тепщэгъуэр къыІэщІелъхьэ псэущхьэ мыин ТхьэкІумэкІыхь щабэрыкІуэм, Іэдэбым.

ТхьэкІумэкІыхьыр зэрышыгнэхъэрабгъэр псоми ящІэ, ауэ абы емылытыауэ а псэущхьэм хьэщІэ хуабжьу фІэфІщ, дахагъэмрэ унагъуэ гупсэхугъуэмрэ зыхъилъхьэ щыІэкъым. Абы иткІэ, Илъэсыщ1э хьихьэм фи ныбжьэгъуэхэр нэхьыбэрэ къыІэревгъэблэгъэным иужь фит, фэри щІэх-щІэхыурэ хьэщІапІэ фыкІуэ.

ТхьэкІумэкІыхьым хьэл зэпІэзэрыт, зэтеубыда иІэщ, абы къыхэкІыу фэри 2011 гъэм къипкІ-къилъу фыщымыт, абы игу фыззрыдыхьэным нэхъ фегугъу. «Пащтыкьым» хьэл нэхъыфІу хэлъхэм ящыщщ зыгуэрым и гуапэ ищІыну зэрыфІэфІыр, къэзыухъуреихьхэм зэрахуэпэжыр. Хуэбгъэфащэ хъунущ дызытёхьэ илъэсым ятхыну нэчыхьхэр нэхъ быдэ хъуну. 2011 гъэм и тепщэр икъукІэ кьабзэльабзэщ: щыгъынхэри, Іуэхухэри, гупсысэхэри сытым дежи зыхуей хуэзауэ щигъэтщ.

Апхуэдэуи, къуэкІыпІэ гороскопхэм итщ ТхьэкІумэкІыхьыр Іущыцэу, лъэныкъуэ хуэдым фІыуэ хищІыкІыу. 2011 гъэм ар сэбэп хуэхъунущ щІэныгъэрылажьэхэм. Профессорхэм, творческэ Іэщ1агъэм пэрытхэм нэхъ я тельхьэу щытынущ. КъэбгъэльаГъуэмэ, абы гупыытэнщэ ищІынукъым зи Іэщ1агъэр фІыуэ зыльагъу дэтхэнэ Іэщ1агъэлІри. Жьпіэ хъунущ ТхьэкІумэкІыхьым «игу зэримыгъэбгъэн» щхьэкІэ абы ял Іэнэм тевмылъхьэ. НэхъыфІыжьыр лыхэкІ фымыщэфІыныщ.

Хадэхэкі нэхъыбэ къыззрытевгъэувэным иужь фит, къэрным, къуэнтхъуерейм, бжьын цІынэм, салат тхъэмпэм фыщымысхь. Апхуэдэуи дэ, фо, кхъуей къытефлъхьэ хъунущ.

Унэр зэрыгъэщІэрэщІэн хуэйр

2011 гъэм и нагъыщэр ГъущІу зэрыщытым къыхэкІкІэ, абы къыхэщІыкІэ хьэпшып цІыкІуфэкІухэр унэм щІэвгъэвэн. Апхуэдэ дыдэуи фигу ивгъэлъ Илъэсыщ1эр зей псэущхьэм и теплъэ зиІэ хьэпшып цІыкІухэмкІэ фи Іыхьлыхэм, ныбжьэгъуэхэм фахуэупсэнми фы къыдэкІуэну къызэралытэр.

Псейр щывгъэщІэращІэкІэ, шархэр хужьыфэ-морафэу къыхэфхмэ, нэхъыфІыц, абы и лъабжьэм щІэфлъхьэну саугъэтхэм пхъы яхэлъын зэрыхуейр фигу ивгъэлъ. Ар ТхьэкІумэкІыхьым и гуапэ хъунущ.

ШЫПШ Даянэ.

● ГушыІэхэр

Сыхьэтибл хъуху

Илъэсыщ1э жэщым... Ресторанымъ...Сыхьэти 2-м нэблагъэуэ...

- Мы къыІэпта гуэгушыІэр зыхуэдэр къызэрыІуэрклым, - жи лІым Іэнэзехьэм къыхутригъэувэ лым енькъуэжьуурэ. - Сыхьэт ныкъуэ хъуауэ зы Іыхьэ къыскъугуэгъэжыркъым.

- УмыпІащІэми хъунущ, тхъэмадэ, пщэдджыжь сыхьэтибл хъуэ дылъжьэнущ.

Сыт сшхынур?

Щ1алэ щ1ыкІум и адэм зыхуегъаз9:

- Папэ, сыт мы кІэнфетхэр мыпхуэдэу лъагэу псеИм щІыфІэбдзар?

- УльэмыІэсын щхьэкІэ, армыхьумэ, илъэсыщІэр кІэмысуэр пшхыжынущ.

- Сыт-тІэ сэ иджы сщІэн хуейр, и лъабжьэм фІэлъ хьэпшып цІыкІуфэкІухэр сыбгъэшхыну ара?



Сурэтыр **КЪАРЕЙ Эдуардэ** *трихащ.*

КъБР-м, Осетие Инщэм щІыхь зиІэ я артист Хьыжьырокъуэ СультІан дыгъэгъазэм и 28-м илъэсыщІэ концерт итащ. Сыт щыгъуи хуэдэу, гукъыдэжрэ дзрэжэгъуэкІэ гъэщІагъуэ екІуэкІа концертым кърихьэлІаХэм щІэщыгъуэ ящыхъуащ СультІан адыгэ фащэ екІу щыгъыу утыку къыхэрихьар.

● Илъэсыщ1э Іэнэм

Гуэгушыл гъэва

Халъхьэхэр: гуэгушыл гъэвауэ - грамм 8000, шыгъуу, бжьыну, бжьыныхуу, шыбжийуэ - узыхуейм ящІэнущ.

Мы ерыскъыГъуэр щапщэфІыр щІымахуэрщ. Фіыуэ гъэкъэбза, тхъэщІа гуэгушыр шыуаным ирал1ъхь9, щІигъанэу псы хуабэ щІакІэ, пэшхьэкум трагъэувэри, мафІэ иным тету зэ къыстрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр чымчыркІэ къытрахыурэ. ИтІанэ мафІэр цІыкІу ящІ, шыгъу хадзэри, шыуаныщхьэр теплаУэ ягъавэ, ныкъуэвэфІ хъухукІэ. Адэкіэ тІуэуэ зэгъэуэпщІыкІа бжьыныщхьэ укъэбза, шыбжий сыр хал1ъхьэри хьэзыр хъуху ягъавэ. Шыуаныр хьэкум къытрахыжри гуэгушыл вар дакъикъэ 15-20-кІэ лэпсым хагъэлъ. ИтІанэ лэпсым кхыхах, хьэкъущІыкъу лам ирал1ъхь9, шыгъу трагъэщІэщэж, и щхьэр трапІэри щІыІапІэ ягъэуври ягъэдгІ. Гуэ ущ лэпсыр къагъэкъэфэ шыпс, хьэнтхъупс иращІыну. Гу эгушыл диуар зэпкърахри, тепщэчкІэ Іэнэм трагъэувэ. Бжьыныхуэ-шыгъу дытрагъэувэ. ПІаст э щІыІэ дашх.

Бабыщ гъэжьа, мыІэрысэ ильу

Халъхьэхэр: бабыщ – 1, мыІэрысэу - грамм 500, бабыщ кІуэцІым ирак1э псыуэ - грамм 230-рэ, тебэм щахуэ тхъууэ - граммы 5, шыгъу, шыбжийуэ - узыхуейм ящІэнущ.

Бабыщ гъэкъэбзар зэгуамыгъэжу псы щІыІэкІэ ятхъэщІ, хьыдан къабзэкІэ ял1ъщІыж. Бабыщ гъущам и щІыбми и кІуэцІми шыгъуэр шыбжийрэ фІыуэ щахуэ. Адэкіэ мыІэрысэр, нэхъ цІыкІуурэ кхьихахри, ятхъэщІ, якІхэр кърач, ял1ъщІыж. МыІэрысэхэр бабыщ кІуэцІым ирал1ъхьэри, псы щІыІэ тІэкІу ирак1эж, бабыщІыр мастэ-Іуданэдэ зэгъуэдэж. Тебэм тхъ у тІэкІу щахуэ, бабыщ кудар, и щІыбыр егъэзыхауэ, абы ирал1ъхь9, псы тІэкІу щІакІэ, хьэкъуЛэм ирагъэувэри, дакъикъи 10-15-кІэ ягъажьэ. Бабыщ1ыпм занщІэу вэгъу дахэ кьищтэн щхьэкІэ, хьэкъуЛэр пщтыру щытын хуейщ. Ар тхъуэпІъ дахэ хьуа нужьыІэ, мафІэ щІыкІум тету хьэзыр хьуху ягъажьэ. Бабыщ1ыпІыр жьамэ, и куэпкъым гуахьуэ е сапэ хэпІымэ щабэу хьихьэнущ, псы къущІэжари яжьафэу щытщ. Ар хьэкулъэм кърахыжри, и щІыбыр егъэзыхауэ тепщэчышхуэм ирал1ъхь9, Іуданэхэр кхьихахьж. Ар Іэнэм зэпкърыхауи тебгъэувэми хьунущ, ауэ абы щыгъуэм ЛыР щІэкІу мэ упщІыну. ЩІакІхъ уэ и гъуэзу пщтыру яшх.

Зэпкърымыхауэ гъэжьа джэд

Халъхьэхэр: джэд гъэкъэбзауэ - грамм 1100-рэ, сэхуран дагъэу - грамми 100, бжьыныкъу укъэбзауэ – грамм 30, джэдым щахуэ шатэу - грамм 50, шыгъу, и щІыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

Джэд гъэкъэбзар псы щІыІэкІэ ятхъэщІ, хьыдан къабзэкІэ ял1ъщІыж, ягъэгъущ. Абы и кІуэцІыр яшыу, шыгъу, шыбжий сыр, бжьыныхуу уба щахуэуэрэ. Джэд щІыбым шыгъу фІэкІа щахуэркъым. ИтІанэ тебэм дагъэ ирак1эри къагъэпІъ пщтырагъуэ 200-м нэсыу, абы дж9 щ1ыуар хал1ъхь9 и щІыбыр егъэзыхауэ. Ягъэкуэр тхъуэпІъ дахэ хьуху дакъикъи 5-7-кІэ ягъажьэ. ИужькІэ джэдыр зэрилъу тебэр хьэкъуЛэм ирагъэувэри, дакъикъ 25-рэ хуэдизкІэ ягъажьэ, зэ9змыщ9 зэрагъэдзэкІыурэ. Джэдылыр мыпшэрмэ, щагъажьэкІэ джэд щІыбым шатэ щахуэ, тхъуэпІъ дахэ ишынкъым щхьэкІэ. Джэд жьар хьэкулъэм кхрахыжри, хуейм9 зэрыпсоуэ е Іыхьэ-Іыхьэурэ упщІэтауэ Іэнэм тралъхьэ. Тебэм кьина дагъэри езы джэдым къыщІэжа псыри трак1эж. Къэзри бабыщри апхуэдэ дыдэу ягъажьэ хъунущ. ПІастэ, щІакхъуэ и гъуэзу пщтыру яшх.

КЪУЭАТИЙ Борис.

Псалъэзэблэдз

Екіуэкіыу: **2.** Илъэсыщ1эм зыр адрейм зэрыхуэупсэ. **3.** Ипэкіэ адыгэхэм ху пльыжь къызыщІаІуКІыу щыта мэш. Абы илъэсыщІэ пІастэри къыхащІыкІырт. **6.** ГъитІыр щыІэзблэкІкІэ, ягъэльапІэ махуэшхуэ. **7.** Илъэсыщ1эм гуэгушылым и гъусэу Іэнэм къытрагъэувэ шхыныгъуэ. **9.** Псэм и ... (фІыщэу ялъагъум, псом хуэмыдэу быным щхьэкІэ жаІэ). **12.** Илъэсыщ1э Іэнэм шампанскэ къытрагъэувэ, ауэ абы нэмыщІкІэ ираф фадэ. **14.** Илъэсыщ1э елкэр нэхъыбэу къызыхах жыг лъэпкъ. **16.** ... нэщІ нэхъри хьэм нэщІ. Адыгэ псалъэжь. **17.** Къэралым, республикэм, лъэпкым и гуфІэгъуэ уэрэд. **19** . Кьихьэ илъэсыщІэм цІыку псори гуэзу ... дытеувэну. **21.** Илъэсыщ1эм нэхъыбэу хэкІуадэ джэдкъаз. **23.** Гъэсэныгъэ, гъэІуЛэщыныгъэ. **25.** КьызздэнкІ гъэм зи ныбжьыр илъэс 72-рэ ирикъуа, СССР-м и цІыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым тІэунейрэ и лауреат, дуней псом щыщІэрыІуэ адыгэ дирижёр. **27.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІэ, уэрэд хьэлэмэт куэд зи къалэмым къыщІэкІа. **30.** ПхьаІэ Іэмэпсымэ. **32.** Іащ хъуштэ зэхэт. **34.** Адыгэ къудамэу щыт, Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу лъэпкъ. **35.** Къаз куэду щагъэхъу адыгэ къуажэ. **37** . Бэдрэхан фІыуэ щІыхъу адыгэ къуажэ. **38.** Пшынауэ Іэзэ, КъБР-м и цІыхубэ артист. **39.** ... зимыІэ щыІэкъым. **41.** Адыгэхэм зэрахуэу щыта адыгэш жэр дыдэ. Ар иджы унэцІэу зезыхьи щыІэщ. **43.** Социалист Лъжьыгъэм и ЛІыхъужьу щы къызэдэкІа, бэрычэтыр зибэ адыгэ къуажэ Іумахуэ. **44.** ХьэщІэм хуаукІ мэл.

Къехьу: **1.** Нэщхьыфіагъэ. Илъэсыщ1эм ар псоми яІэну. **4.** Зыгуэрэр зэрызэкІэрагъэпщІы. Унагъуэр зэтеІэныгъэм абыкІи щеджэ щыхьэ. **5.** Нысэ къашагъащІэм и щыгъын нэхъыфІхэр щагуэшкІэ нэхъыбэу зыІлъагъэс бзыльхъугъэ. **8** . ЦІыкъу ... хьэлэл. ЦІыкъу гуапэм, гущІэгъу зыхэлъыхьжаІэ. **10.** Нарт Іуэрыіуатэм хэт шы лъэрызехьэ. **11** . Илъэсыщ1эр къыщихькІэ ... и унэ бжэн лъакъуэ. **13** . ПщІэшхуэ зыхуащІ, фІыщэу ялъагъу. Зи нысащІэр зыщІыпІэ езыхьэлІами абыкІэ йоджэ. **15.** Уи щхьэр бгъэлъэпІэнымэ, ар гъэпуд. Ахъшэщ жьхуаІэр. **18** . Нартхэм нэхьыбэу ящІэу щытта гъавэхэкІ. **20.** Ар шхын псоми хэлъын хуейщ. Къуэтыры жьхуиІэр. **22.** Акъыт жан зиІэ, илъагъур псынщІэу зи гуэм изыубыдэф. **24**. Къэралым, республикэм я къалэ нэхъыщхьэ. **26.** Илъэсыщ1эм и нэщэнэхэм ящыщ зы. **28.** Нэхъапэхэм хъыджэбз, щІалэ хьэщІэ къахуэкІуамэ, иращІэжІыну щыта гуфІэгъуэ зэхьихьэ. **29.** ... щалъхъ иокІуэлІэж. **31.** Псэ хэлъхьэж. **33.** Пашэуи щытщ, жьакІэшхуи зэрехьэ, ауэ жьантІэм ягъэтІысыркъым. **36.** Гуэгушым и ужькІэ илъэсыщ1эм нэхъыбэу хэкІуадэ джэдкъаз. **37.** Тхьэмпабгъэ и къуэ хьуреижь. Гъэвауи гъэжьауи пшхыну хьэлэмэтщ. **40** . ЦІыкуэм фІыуэ ямыльагъу дзыгъуэхэм, блэхэм я бий псэущхьэ бгъэгуфІ щІыкІу. Хъыджэбз дахэ цІыкІуэмэ абыкІэ щеджэ щыІэщ. **41.** Нарт лІыхъужь Ашэмэз и адэ. **42** . ... здэщымыІэм насыпи щыІэкъым. Адыгэ псалъэжь.

Зэхэзыльхьар **УЭРЫШ Нурхьэлийщ.**

Дыгъэгъазэм и 18-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екіуэкіыу: **3.** Бэгъуэтыж. **8** . Батыр. **9**. «Хьэтау». **10**. Жэпуэгъуэ. **11**. Хабзэ. **12**. Мамыжь. **13**. Іытъэ. **14**. Шыд. **21**. Щэбэт. **22**. Хуэзэж, **23**. Гъэсэн. **25**. Дурыс. **28**. Сос. **30**. Уэр. **33**. Тэлай. **34**. Шофэл. **35**. «Самэрэш». **36**. Гъатхэ. **37**. Кьалэн. **38**. Тхьэзэплъ.

Къехьу: **1**. Мазае. **2**. Мырзэ. **4**. Гъуэплъэ. **5**. Тхьэгъуэ. **6**. Кьэбакъ. **7**. Самыр. **15**. «Гуащэгъагъ». **16**. Кьэбыстэ. **17**. Гъуэт. **18**. «ЦІыу». **19** . «Къыэбрун». **20**. Мажусий. **24**. «Нэху». **25** . Джэу. **26** . Уэрам. **27**. Уашхэ. **29**. СампІэ. **30** Уардэ. **31**. Хьэуан. **32** Нэмэз.

● Зывгъэдахэ

Напафэр къэвгъэщІэрэщІэж

Илъэсыщ1э жэщым теплъэ гуакІуэ, нэгу зэІуха фиІэну фыхуеймэ, мыпхуэдэ Іэмалхэр ежьэ:

Халъхьэхэр: шыгъуу бжэмышх цІыкІум и ныкъуэ, кхъуей лІалъэу зы бжэмышх цІыкІуурэ ныкъуэрэ, шатэ бжэмышх цІыкІуурт.

Зэрагъэхьэзырыр: псори зэхьилобльхьэри, зэщІщ хъуху зэхьибогъэзэрыхь.

Къызэрагъэсэбэлыр: напэ кьабзэм щыбохуэри, дакъикъэ 15-кІэ кІэрыбогъэлъ. Ар псы хуабэкІэ ботхьэщІыжри, напэр мыл кІаНэ щІыкІуэмэкІэ болъэщІ.

* * *

Халъхьэхэр: зы джэдыкІэм ипс, лимон ткІуэпситху.

Зэрагъэхьэзырыр: джэдыкІэпсыр боудэри, лимоныпсыр хыбогъэтакІуэ.

Къызэрагъэсэбэлыр: напафэм хуэмурэ щыбохуэри, дакъикъи 10-кІэ кІэрылъа нэужь, псы кьэкъуэлъа гъэупщІыІужакІэ ботхьэщІыж.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.

● Фэ фщІэрэ?

Тепщэхэм я хъыбарыр

ПСЭУЩХЬЭ зэмылІэужьыгъуэхэр чэзууэ илъэс 12-м я тепщэу зэрыщытыр Іущ1у къыхощыж къуэкІыпІэ махуэгъэпсым теухуа хъыбарым. Абы зэрыжиІэмкІэ, зэгуэрым Буддэ и деж жэрдэм зиІэ псэущхьэхэр иригъэблэгъат. АрщхьэкІэ, мэз, унагъуэ, псэущхьэ псори ирихьэлІэфакъым абы, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, дунейр щІыІэт, Буддэ деж унэсын папщІэ псы куу узэпрысыкІын хуейт.

Псэущхьэхэр къызэрысым хуэдэу чэзууэ Буддэ деж щІыхьэрти, абы илъэс зэрызкІэ пащтыхьыкІыгъэуэту зэрызэпэщІэувам кІэльыплъэрэ псэущхьэхэм епІанэу къэсар ялъэгъуакъым. Ар Джэдурами ТхьэкІумэкІыхьрами къаухуащІакъым. Абы кхыхэкІыуи къуэкІыпІэ къэралхэм епІанэ илъэсым жьантІэм дагъэтІысхьэр убзыхуауэ щыткъым.

Адэкіэ Буддэ деж щІыхьахэр ящІэж: етхуанэу бысымым деж къэкІуар Благъуэращ, еханэу Бзэрщ, ебланэу Шыр къэсащ. КъызэраІуэтэжымкІэ, еянэм и къэсагъуэр къыщыблагъэм пшагъэшхуэ къытрихуэри, Мэлымрэ (ТІымрэ) Бжэнымрэ ятэу къыІухьар яхуэзэхэгъэкІакъым. Арати, а тІуми еянэ илъэсым тепщэгъуэр зэІэпэхьан хуей хъуащ.

Ебгъуанэу чэзуэр къэзыгъэІуар Номимырщ. ЕпщІанэу щІыхьар Адакъэрщ. ЕпщыкІуэзанэу Хьэр еблэгъащ, иужьрейуэ КхъуэпІащэр къыпыуащ.

Мис апхуэдэ щІыкІэкІэ илъэсхэм я «тхьэмадэу» щытыныр гуэша хъуауэ ягъэхъыбар.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур щІышылэм и 11-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖъэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Итэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжькъарэ Алик.**



ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлажьэнымкІэ - 42-60-53; къыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ пасымэхэмкІэ - 42-22-88; етъуэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэкІаІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм изэу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтеухуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щІэныкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №П-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэр: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактор Жылаэ Заурбэч, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(1, 3-нэ нап.),* **Иуан Заирэ** *(2, 4-нэ нап.). Компьютерхэр газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Сандэрэ Мэлбахьуэ Анжелэрэ, сурэтхэм елэжьар Бицу Жанпэщ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 22.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №320